



31 desanm 2025

Chè fanmi,

Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) sèvi kòm kay mwen pandan prèske ven lane. Se kote mwen te reyalize objektif pwofesyonèl mwen, kote mwen te mete pwòp pitit fi m ki te gen laj pou ale lekòl, epi se kote mwen te gen gwo privilèj ak onè pou m te Chanselye.

Lè m ap reflechi sou wòl sa a, mwen konble avèk tèlman anpil fyète ak rekonesans. Mwen fyè pou m yon paran NYCPS —k ap gade pwòp pitit fi m k ap atenn tout potansyèl li nan salklas nou yo. Mwen fyè pou m travay akote kòlèg ki devwe—pwofesyonèl ki gen ekspètiz san parèy epi ki sousye pou jèn nou yo. Epi mwen fyè poutèt mwen bay fanmi ak kominote ekstrawòdinè nou yo kapasite atravè bon jan patenarya ak aksyon.

Kòm premye fanm Pòtorikèn ki dirije pi gwo sistèm lekòl peyi a, mwen eseye meyè de mwen pou fè sistèm nou an travay nan sèvis yon milyon elèv apeprè ak fanmi yo. Chanjman nou fè, apati sipòte paran atravè modèl Lyezon Fanmi (Family Connectors) nou an pou repanse enstriksyon alfabetizasyon avèk NYC Reads , bay rezilta. Ansanm, y ap transfòme sistèm lekòl nou an, pou fè li pi solid, pi efikas ak pi jis.

Travay la poko fini, men mwen gen konfyans vwa yo, defans ak ekselans jèn nou yo ak fanmi nou yo pral kontinye briye pi devan. Se pa akòz mwen menm oswa nenpòt lidè poukont li, men se pito atravè enpak kolektif kominote nou yo, nou pral akonpli pwomès yon bon kalite edikasyon pou chak timoun. Vizyon sa a—yon vizyon kote elèv yo ansekirite onivo fizik ak emosyonèl, kote nou pouse yo fè efò ak selebre yo ak kote yo prepare pou gradye epi fè fas ak mond lan—se yon koz ki merite defann.

Mwen gen anpil rekonesans pou Majistra Adams poutèt li te nome m nan pozisyon sa a, epi mwen remèsye Majistra eli, Mamdani pou konsiderasyon pwofon li pandan l ap prepare pou dirije vil nou an. Mwen vle tou felisite Kamar Samuels, ki se aktyèl Sipèentandan distri 3, ki pral jwe wòl Chanselye a nan dat 1ye Janvyè 2026. Mwen angaje m pou asire yon pasasyon responsablite andousè epi m ap tann pou angaje avèk li ak ekip li a pi devan nan wòl mwen kòm yon paran lekòl leta .

Pou tout kominote nou an ann antye: mèsì. M ap swete w siksè epi mwen fyè pou m fè pati fanmi NYCPS a.

Avèk anpil admirasyon,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Melissa Aviles-Ramos', with a long horizontal flourish extending to the right.

Melissa Aviles-Ramos
Chanselye